

**BATRI YON-LITYÒM (LITHIUM-ION)****AK APARÈY MIKWOMOBILITE****KONSÈY POU SEKIRITE DETAYAN****AK KONSOMATÈ**

Yo itilize batri yon-lityòm (lithium-ion) yo nan diferan aparèy, sitou pou chaje kouran telefòn pòtab, laptop, tablèt, zouti elektrik, veyikil elektrik, ak **aparèy mikwomobilitè, tankou bekàn elektrik ak eskoutè elektrik.** Batri yon-lityòm (lithium-ion) estoke anpil kantite enèji. Si yo pa jere yo byen, yo kapab poze pwoblèm sekirite grav.

**✓ SA POU W FÈ**

- **CHAJE ak ESTOKE** aparèy ou a deyò kote sa posib.
- **SUIV** enstriksyon fabrikan an bay yo pou chaj ak estokaj aparèy la. Toujou itilize kab ansanm ak chajè adaptè fabrikan an fè espesifikman pou aparèy la.
- **ACHTE** sèlman batri fabrikan an fè ki konbatib avèk aparèy ou a lè ou bezwen achte yon nouvo batri.
- **PLOGE** chajè aparèy ou a DIRÈKTEMAN nan yon priz miray.
- **ESTOKE ak RECHAJE** batri lwen nenpòt bagay ki ka pran dife.
- **SIVEYE** batri ou a pou nenpòt odè, chanjman nan fòm oswa koulè, flit, oswa bri dwòl.
  - Si ou remake youn nan kondisyon sa yo, kanpe itilizasyon an imedyatman.
  - Si ou kapab fè sa san danje, mete aparèy la lwen nenpòt bagay ki kapab pran dife.
  - Rele 911.
- **POTE** batri yo nan yon Sant Depo Dechè Espesyal pou resikle yo nan [nyc.gov/dropspecialwaste](http://nyc.gov/dropspecialwaste). Vizite [nyc.gov/batteries](http://nyc.gov/batteries) pou enstriksyon sou eliminasyon dechè ak plis opsyon eliminasyon ki nan zòn ou.

**✗ SA POU W PA FÈ**

- **PINGA** achte ni vann aparèy oswa batri sof si yo sètifye anba estanda sekirite Underwriters Laboratories (UL). Chèche logo, mak oswa non laboratwa tè akreditasyon ki bay sètifika sekirite a ki obligatwa a. Vizite [nyc.gov/dcwp](http://nyc.gov/dcwp) pou jwenn Lis Laboratwa Tès Akreditasyon (Accredited Testing Laboratory List).
- **PINGA** chèche lòt opsyon batri ke sa ki konpatib avèk aparèy ou a.
- **PINGA** chaje aparèy ou touprè sòti ak wout evakiyasyon, tankou pòt apatman ou a, pòt chanm ou, ak fenèt, an patikilye yon fenèt ki gen echapatwa dife.
- **PINGA** chaje aparèy ou a nan chanm ou.
- **PINGA** chaje aparèy ou a sou lòt sifas eksepte atè.
- **PINGA** plase batri oswa chaje aparèy ou a dirèkteman nan limyè solèy la.
- **PINGA** itilize yon ekstansyon elektrik pou chaje aparèy ou a.
- **PINGA** chaje ni estoke batri ou a nan tanperati ekstrèmman cho oswa frèt.

Pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou batri yon-lityòm (lithium-ion battery) ak règleman nan New York City, vizite [nyc.gov/fdny/batteries](http://nyc.gov/fdny/batteries).



**FDNY | NYC**

Consumer and  
Worker Protection

